# TUMARIS OBRAZI ROMANDA

**Allamuratova Zuxra Maxsetbaevna**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti docent*
*Allamuratovazuxra1@mail.com*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15079184**

***Annotaciya***. *Bul teziste túrkiy xalıqlar ushın ortaq bolǵan qaharmanlıq ańızlar qatarında qaralatuǵın Tumaris patsha tuwralı qaraqalpaq ádebiyatında belgili orınǵa iye H.Ótemuratovanıń tariyxıy romanında berilgen obrazlarǵa hám bunnan basqa da tariyxıy jazbalar hám kórkem shıǵarmalarda berilgen Tumaris obrazın salıstırmalı úyreniwge qaratıladı.*

***Tayanısh sózler***: *kir, massaget, motiv, ańız, saklar, tariyx, obraz.*

Adam balası ásirler boyı ózin qıynaǵan ótmish hám ózi jasaǵan dáwir waqıyaların salıstırıw arqalı juwap tabıwǵa umtılǵan. Ol áyyemgi dáwirlerden baslap-aq ótmish hám búginimiz, sonday-aq keleshek turmıs arasında qanday da bir baylanıstıń barın sezgen. Sonlıqtan da adamlar óz ótmishin kózdiń qarashıǵınday saqlawǵa tırısqan. Sebebi ótmishti bilmew tek búgingi turmısımızdı úyreniwge zıyanın tiygizip qalmastan, házirgi kúnimizdegi háreket etiwge degen qálegen umtılıstı qáwip astına qoyadı.

Qaraqalpaq ádebiyatında ótmishimizde xalqımızdıń basıp ótken jolları, ata-babalarımızdıń basınan keshirgen turmısına baylanıslı kórkem shıǵarmalar dóretiwge tájriybesi jetkilikli. Mısalı: ádebiyatımızda 50-jıllardıń ayaǵında payda bolǵan T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı» («Mamanbiy ápsanası», «Baxıtsızlar», «Túsiniksizler») tariyxıy trilogiyasınıń payda bolıwı Orta Aziya hám Qazaqstan xalıqlarınıń kórkem rawajlanıwı tariyxında elewli qubılıs boldı desek qátelespeymiz. Bunnan keyin 1980-jıllarǵa kelip prozamızdıń K.Mámbetovtıń «Posqan el», «Túrkstan», «Bozataw», A.Sadıqovtıń «Bostansız búlbil» sıyaqlı romanları menen tolısıwı usı baǵdardaǵı jetiskenliklerdi bekkemlewge xizmet etti. Bul romanlar xalqımızdıń uzaq ásirlik tariyxın keń túrde qamtıp alıwı, realistlik sıpatlarınıń tereńligi, syujet waqıyaların jańasha bayanlawı, qaharmanlar xarakterlerin ózgeshe poetikalıq usıllar arqalı ashıwı menen ayrılıp turadı. Ásirese, usınday tariyxıy shıǵarmalardı dóretiw ǵárezsizligimizdi alǵannan keyingi jıllarda bul temaǵa ayrıqsha kewil awdarılǵanı hámmemizge belgili. Yaǵnıy: K.Karimovtıń «Aǵabiy», «Ullı dásht bórileri» h.t.b. da tariyxıy shıǵarmalardı atap ótiwge boladı.

Tariyxıy shıǵarmalarda, ádette, tariyxıy shaxslar qatnasadı. Jazıwshı usı tariyxıy tulǵalardıń obrazın jaratıw arqalı belgili bir xalıq, millettiń tariyxınıń bir bólegin jaratadı. Kórkem ádebiyat – tariyxtıń aynası. Tariyxıy tulǵalar erte me, kesh pe kórkem ádebiyatqa qaharman bolıp ótedi.

Mine biz sóz etpekshi bolıp otırǵan tariyxıy qaharmanımız-massagetler malikası esaplanǵan Tumaris. Usı jerde Tumaris patsha tariyxıy tulǵa ma, yamasa basqasha ma, degen orınlı soraw tuwılıwı sózsiz. Biz, oqıǵan, úyrengen tariyxıy dereklerge, pikirlerge qaraytuǵın bolsaq, ol haqıyqıy tariyxıy tulǵa sıpatında qarawımız kerek. Tumaris obrazınıń beriliwin kórkem ádebiyat kóz-qarasınan qarastırıwımız kerek boladı. Túrkiy xalıqlarda Tumaris ańızına baylanıslı izertlewler azı-kem bolsa da bar. Oǵan arnalǵan kórkem shıǵarmalar da belgili dárejede ushırasadı. Mısalı: qazaq ádebiyatında Bolat Jandarbekovtıń «Saqtar» tariyxıy roman-dialogiyası bar. Onıń birinshi kitabı «Tumaris» romanı, «Tumaris» tariyxıy draması saxnalastırılǵan, «Tumaris» kinosı túsirilgen, ózbek ádebiyatında bolsa Mirkarim Osimniń «Twmaris» qıssası, Xurshid Davronnıń «Massagetler malikası va farslar podshohi» qosıǵın h.t.b. da bir qansha shıǵarmalar dóretilgen. Bul tema boyınsha qaraqalpaq ádebiyatında da bir qansha kórkem shıǵarmalardıń bar ekenligi maqtanıshlı. Bulardan: S.Bahadırovanıń «Tumaris» povesti, H.Ótemuratovanıń «Tumaris» romanı, I.Yusupovtıń «Tumaris» poeması, G.Dáwletovanıń «Tumarisa ana» qosıqların hám 2024-jılı baspadan shıqqan A.Abdievtiń «Ómir, Ólim ham Ómir» roman dialogiyasınıń birinshi kitabı- «Áyyemgi qaraqalpaqlar» atlı tariyxıy romanında qaraqalpaqlardıń áyyemgi sak-massaget dáwirine súńgip, xalqımızdıń tereńdegi tariyxın dál, isenimli túrde kórkem sáwleleniriwge miyasar bolǵan. Bul shıǵarmalarda Tumaris obrazınıń beriliwi hár bir shayır-jazıwshınıń sheberliginen kelip shıqqan halda ashıp beriwge háreket etilgeni kórinip turadı.

Biz bul maqalamızda H.Ótemuratovanıń «Tumaris» romanı haqqında toqtalıp ótiwdi aldımızǵa maqset ettik. Jazıwshınıń bul shıǵarması Ámiwdárya jurnalında baspadan shıqqan.

Tariyxıy shıǵarma dóretiw ushın jazıwshı ózi súwretlemekshi bolǵan dáwirdiń tariyxın izertleydi, tariyxıy shınlıqtı tawadı. Endi ol óz kórkem qıyalı járdemi menen tariyxıy shınlıqtı kórkem shınlıqqa aylandıradı.

Talantlı jazıwshı H.Ótemuratova «Tumaris» romanın jasbastan aldın júdá kóp ilimiy hám kórkem dereklerdegi materiallardı bir-biri menen salıstırıp izertlegenligine isenemiz, bul anıq nárse. Óytkeni ilimiy maǵlıwmatlarda kórsetilgenindey Tumaris biziń eramızdan aldıngı VI ásirlerde Ámiwdáryanın oń tárepi menen Sırdáryanıń eki boyı, Túslik Aral jerlerinde sak-massaget qáwimleri jasaǵan. Olardıń patshası Tumaris degen hayal bolıp, ol eldi ádillik penen basqarıwda, sırtqı dushpanlardan qorǵawda xalıq alǵısına miyasar bolǵan. [1] «Bul hayal patshanıń atı qaraqalpaqlardıń duwa salıp taǵınatuǵın bezeniw zatı «tumar» sózi menen únles keledi. Al patshanıń, kósemniń káramatı bar dep esaplaytuǵın

adamnıń súwretin taǵıp júriw kóp xalıqlardıń ádeti bolǵan, sonlıqtan «tumar» sóziniń kelip shıǵıwı da Tumaristiń atın xalıq yadında máńgi saqlaǵanınan gúwalıq beredi»[2].

Tumaris hám onıń óz elin qorǵaw boyınsha alıp barǵan mártlik isleri grek tariyxshısi Gerodottıń (b.e.sh. 484-425-jj) «Tariyx» kitabındaǵı «Kirdiń massagetlerge qarsı júrisi» degen gúrrińinde berilgen. Bul gúrrińnıń teksti orıs ilimpazı V.V.Latishovtıń «Áyyemgi jazıwshılar skifliler hám Kavkaz haqqında» degen maqalasında keń bayan etilgen. Sonday-aq, bul gúrriń ózbek ilimpazı N.Mallaevtıń [3]. «Ózbek adabiyoti tariyxi» kitaplarında keltirilgen. Tumaris tuwralı akademik M.Nurmuxamedov, ádebiyatshı K.Mambetovlar ózleriniń miynetlerinde bahalı pikrler bildirgen. Joqarıdaǵı ilimiy miynetlerdegi pikirlerge súyene otırıp biz H.Ótemuratovanıń «Tumaris» romanınıń dóretiliwinde úsh áhmiyetli derektiń- «Tumaris» dástanınıń, «Hayallar patshalıǵı haqqındaańız»dıń hám «Gúláyim haqqındaǵı ańız»dıń úlken áhmiyetke iye bolǵanlıǵın kóremiz. Bul úsh derektegi maǵlıwmatlar romannıń syujetin dúziwde, konfliktin qurıwda, qaharmanlardıń obrazların jasawda, tariyxıy haqıyqatlıqtı kórkem haqıyqatlıqqa aylandırıwda salmaqlı orın iyelegen.

Tariyxıy shınlıqtı kórkem shınlıqqa aylandırıwda jazıwshı tariyx saqlap kelgen barlıq faktlerdi ala bermeydi, tańlap kirgizedi, zárúr emes dep tańlaǵan faktlardı kórkem shınlıqqa engizbey taslap ketedi, geypara faktlardı waqtı hám ornı boyınsha ózgerisler qosıw arqalı kórkem shınlıqqa endiredi, usılar menen birge ózi kóp ǵana faktler qosadı – qullası óziniń dóretpesinde ózi sóz etip atırǵan dáwir haqqında pútin, belgili bir juwmaqlar shıǵarılǵan shınlıqtı bayan qıladı.

«Tumaris» dástanı - Orta Aziya hám Qazaqstanda jasawshı túrkiy tilles xalıqlarınıń áyyemgi ata-babalarınıń sırtqı dushpanlarǵa qarsı alıp barǵan gúreslerin súwretleytuǵın qaharmanlıq dástan.

H.Ótemuratova eń aldı menen sol dáwirge tán bolǵan qırǵın sawashlar menen basıp alıwshılıq, tonawshılıq, bir xalıqtıń ekinshi bir xalıqtıń ústinen ústemlik etiwge qushtarlıǵı, zorlıq sıyaqlı qarama-qarsılıqlardı konfliktke tiykar etip alıw menen qatar, eń baslı ózekli konflikt retinde hár bir qáwimlik birlespelerdiń ishindegi kúnshillik, satqınlıq sebepli erler menen hayallar arasındaǵı kelip shıqqan qarama-qarsılıq dinamikasın dóretpege tiykar etip aladı. Usı konfliktlerdiń tiykarında jazıwshı márt hám qaharman hayal Tumaristiń joqarı patriotizmin tereńnen ashıwǵa háreket etedi. Bulay dewimizdiń sebebi roman baslanıwdan-aq qálem iyesi Tumaris hám Kir arasındaǵı qarama-qarsılıqlardı ǵana súwretlewge ótpesten aldın-aq márt patsha hayaldı joq etiwge baǵdarlanǵan massagetler qáwiminiń óz ishindegi qarama-

qarsılıqlardıń betin ashadı. Ol, ásirese, Tumaris patshanıń psixologiyalıq keshirmelerine, óz-ózine esap beriwlerine ayırıqsha dıqqat awdarıp súwretley baslaydı. Usı bağdarda avtor Tumaristiń ishki monologları hám onıń avtor sózi menen, avtorlıq bayanlawları menen tığız birigip ketken formaların isletiwde sheberlik kórsetken. Bul sıpatlar shığarma baslanıwdan birden-aq kózge túsedi. Mısalı:

«Patshayım alağada… Urısta turıs joq. Sonsha tis-tırnağına sheyin qurallanğan jat jaw menen soğıspaq ta ońay emes, aytar awızğa jeńil, qanshama qan tógiledi. Haslıń nasharlıǵıńa bara bereseń-dá, sorlı, dárhal jawıngerler jaradar boların, tobıqqa sheyin qan kesherin aldın ala sezip júregi tiksinedi. «Ot qudayı-Atash, mádatkar bol!»-dep ishinen jalbarınadı. Jas demey, qurğaq demey kúydirip kúl qılıp jiberer ot táńrisi onıń kewli jibiskenligin, kózleriniń lámlengenligin, taqımı bosasqanlıǵın sezgendey betin sharpıp ketti. Mislı «bekkem bol, patshayım, hayallıǵıńdı qoy seniń qolıńda mıńlardıń tágdiri bar, seni ayamağan qızıl kóz dushpanğa sen de miyrimsiz bol»-degen yańlı. Qobızdıń sherli hawazı bunı tolğandırıp jiberdi. Qobızshı shaldıń qarlıǵıńqı lapızına ağashtıń sesti qosılıp, insaniyattıń ótmishtegi qayǵıların tilge tiyek etip, góne patlaqtı jańǵırtıp atır»[4].

Romanda, mine, súwretlewdiń usınday stili, bayanlawdağı avtorlıq súwretlew táriypi menen bas qaharman Tumaristiń ishki oy-sezimlerindegi ishki monologlıq formanıń sintezi dóretpeniń tiykarğı stillik bağdarın qurap turadı. Mısalı, jáne de biz aytqan bul sıpatlı belgiler mınaday tekstler arqalı ayqın kórinedi: «Tumaris aqshamda badanaday juldızlarğa termilip, balalıqtağı peshesi menen qıyal jorğasın súrip ketti. Óziniń ómirindegi tuńǵısh posasın eske aldı, oğırı qısqa pursatlı jubaylıq jılların yadqa aldı, idraldı hám japadan jalğız perzentin toğız ay qursağında kóterip júrgen biyqayǵı máwritlerin oyladı. Perzentke ana shatırınan bóten biyqáweter jay joq, ene qursağında jatqanda ǵana qarıqpay tınısh jatarsań, jigerbentim, balagenem…! Anageneń seni toğız ay boyında kóterip, awırsınbay asırap, abaylap júrgenin umıtpağıl! Analar tar gewdeden perzentke orın ajıratar, keńpeyil nasharlarım menin!!...» [4].

Bul jerdegi súwretlewlerde Tumaristiń perzentine degen analıq mehrin súwretlew menen birge onıń ómirlik joldasına degen sadıqlıǵında, opadarlıǵın da ayrıqsha atap ótedi. Yağnıy shığarmada: «Tumaris óziniń kóz ashıp kórgen qostarınan bóten erkek-shorıǵa qolın sıypatpaqtı rawa kórmes» dep súwretleydi.

Dástannıń ideyası Tumaristiń Kirge aytqan gáplerinen kórinip turadı. Onda jawızlıqqa, basqınshılıqqa qarsı xalıq ǵázebi baslı ideyanı tutadı. Shığarmada,

sonday-aq, patriotizm ideyası da ashıq beriledi. Bul, Tumaristiń óz xalqın súyiwi, xalıq azatlıǵın qorǵawdaǵı háreketlerinen ayqın kórinedi.

Bul dástanda da bir-birine qarama-qarsı eki obraz bunnan basqa da bir neshe hár túrli obrazlar háreket etken. Tumaris-azatlıq, eldiń tınıshlıǵı, hár qanday jawızlıqqa qarsı gúrese alatuǵın aqıllı qahraman obrazı. Ol hámme waqıt eldiń tınıshlıǵın saqlaw, urıs boldırmaw táreptarı. Kirdiń massagetlerdi jawlap alıwǵa etken háreketleriniń aldın alıw ushın Tumaristiń elshiler arqalı aytqan másláháti-bunıń ayqın mısalı.

Tumaris-naǵız márt hayal. Onıń mártligi Kir menen urıs maydanında kórinedi. Sonday-aq, Tumaris obrazı hár qanday jawızlıqtı, basqınshılıqtı qaralawshı da obraz. Kirdiń gellesin qan toltırılǵan meske batırıp turıp: «Birewdiń eline zorlıq yetip, bastırıp kirganlardiń jazası, usı» degen sózi bunı ashıq dálillep turadı. Dástandaǵı bul sózler H.Ótemuratovanıń «Tumaris» romanında keskin ádebiy konfliktti qurıwda, syujet waqıyaların rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye bolǵan.

Dástanda jawızlıq kúshlerdiń basshısı etip Kir obrazı alınǵan. Ol basqa jurrtlardı talawshı, olardıń ústinen ústemshilik etiwge talpınıwshı, hiyleker jawız adam. Onın barlıq háreketleri jawızlıqqa qaratılǵan, kózi hesh nársege toymaytuǵın, baylıq ústine baylıq arttırıwdı, óz elin basqa ellerdi basıp alıw esabınan keńeytiwdi oylaytuǵın unamsız qaharman obrazı. Usı qásiyetlerine kóre, ol Tumaristen óz jazasın aladı, kózin qanǵa toydıradı.

Ulıwma bul romandı bir tutas alıp bahalaǵanda, romannıń syujetlik barısı menen konfliktlik baǵdarında márt hayaldıń ishki dushpanlar menen qarama-qarsılıqları, atap aytqanda, ishki satqınlıq máselesi ayrıqsha túrde ortaǵa alıp, soǵan baylanıslı bolǵan syujetlik detallardı oylap tabıwı tosınnan emes. Haqıyqatında, sol uzaq ásir burındaǵı massagetler turmısınan bunnan artıq subektli hám ulıwma insanıylıq áhmiyetke iye syujetlik waqıyalıqtı tawıp súwretlew qıyın. Sonlıqtan «satqınlıq» máselesi roman syujettiń tiykarǵı baǵdarlarınıń birin iyelep, sol arqalı jazıwshı tragediyalıq penen gumanizmniń, qara bastıń ǵamı ushın islengen satqınlıq psixologiyası menen insanniń eń aǵla páziyletlerinen esaplaǵan patriotizmniń arasındaǵı óz-ara arpalıslardı tereń ashıp taslaydı;

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Karimov A. Ádebiyatımızdıń geypara máseleleri (ádebiy kritikalıq maqalalar). Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1988, 18-bet.
2. Allamuratov A. Qaraqalpaq mádeniyatınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwınıń geypara máselelerine // «Ámiwdárya», 1971, №3, 109-bet
3. Mallaev N. Ózbek adabiyoti tariyxi. V tomlıq. I-tom. Toshkent, 1977, 47-bet.
4. Ótemuratova H. Tumaris, // «Ámiwdárya», 2006, №1, 3-bet.